Казбек районалъул газета
# Чапар
Вестник

12+ № 22 (9932) 9 июнь 2023 с. / Рузман, 21 Зуль-къагIида/ 1444 с. / багьа - эркенаб redakciya-chapar@mail.ru

# Поздравления




Уважаемые жители Казбековского района!

От всего сердца поздравляем вас с Днем России! С праздником всеобщего единения и гордости за нашу Родину, её историю, культуру, за жителей, которые во все времена, не жалея сил, трудились, вставали на защиту страны, сегодня защищают государственную целостность и обеспечивают её развитие и безопасность.

Уважаемые земляки, искренне благодарим вас за профессионализм и высочайшую самоотдачу в работе, за ваше неравнодушие и искреннюю любовь к родному району, заботу о его будущем.

От всей души желаем вам крепкого здоровья, мира и добра, успехов во всех ваших начинаниях, счастья и благополучия!

***Глава МР «Казбековский район» Г.Г. Мусаев***
***Председатель собрания депутатов Г.М Гирисханов***

# Уважаемые земляки!

Примите самые искренние поздравления с Днем России!

12 июня мы отмечаем главный государственный праздник современной России. Этот праздник призван объединять и сплачивать всех тех, кто искренне предан своей Отчизне, кто свято дорожит историей своей страны, своего народа! Этот день обязывает каждого из нас своим трудом и талантом быть причастным к возрождению могущества и процветания нашего государства.

В этот праздничный день желаю всем здоровья, процветания, благополучия, успехов в труде и новых достижений на благо района и страны!

***Депутат НС РД М. Д. Умаханов***

# Уважаемые социальные работники района!




От всей души поздравляем вас с профессиональным праздником – Днём социального работника!

Вы всегда рядом с теми, кто оказался в трудной жизненной ситуации. Сердечность, трудолюбие, готовность поддержать, милосердие, сострадание, душевная теплота и забота о людях, которым необходимо особое внимание государства, снискали вам заслуженное уважение земляков. Примите слова глубокой благодарности за ваш труд, за чуткие сердца и способность помочь тем, кто в этом нуждается.

Желаем вам и вашим близким крепкого здоровья, благополучия, счастья и успешной работы на благо жителей нашего района!

***Глава МР «Казбековский район» Г.Г.Мусаев***
***Председатель Собрания депутатов Г.М.Гирисханов***

Поздравляю вас всех с профессиональным праздником-Днем социального работника!

Сердечность, неравнодушие, сострадание, терпение, трудолюбие, отзывчивость-вот главные качества социальных работников, которые очень часто становятся последней надеждой слабых и беззащитных людей. Благодаря вам пожилые люди, инвалиды, дети и семьи, оказавшиеся в сложной жизненной ситуации, получают реальную поддержку и вновь обретают способность реализовать свои возможности, надеяться и верить в будущее.

От всей души желаю всем крепкого здоровья, семейного счастья, успешной работы на благо жителей района!

***Депутат НС РД М. Д. Умаханов***

*1 июнь - Лъимал цIуниялъул Халкъалдагьоркьосеб къо!*

# Лъималазул рохалие гIурхъи букIинчIо



1 июналда нилъер улкаялъ кIодо гьабуна Халкъалдагьоркьосеб лъимал цIуниялъул къо. Лъимал – нилъер букIинесеб. Гьезул талихIги нилъеда бараб буго. Гьеб къоялъ *«Аль - Раян»* централда тIобитIулеб байрамалда лъималазул рохалие гIурхъи букIинчIо. ТIугьдуз ва шараз къачIараб централъул азбаралда гIуцIун рукIана гьезие батIи- батIиял хIаял, кагъаталда ва лъималазул гьурмазда суратал рахъиялъул мастер-классал. Гьеб чIаголъи гIуцIун букIана районалъул культураялъул централъул, искусствоялъул школалъул, лъималазул творчествоялъул рукъалъул хIалтIухъабаз. Лицеялъул волонтеразул къокъа гьениб гIадлу букIиналда тIад чIун букIана.

Районалъул нухмалъулезул бихьизабиялдалъун, аслияб къагIидаялда, байрамалде ахIун ругоан районалдаса СВОялда гIахьаллъулезул, къайимлъиялда ругел, гIажизлъиялде ккарал 400 гIан лъимер. Гьезда байрам баркизе рачIана районалъул бетIер ХIажимурад Мусаев, республикаялъул Халкъияб Собраниялъул депутат Мухтарпаша ГIумаханов, предпринимательствоялъул ва инвестициязул агентствоялъул нухмалъулесул заместитель ХIажи ХIажиев, районалъул прокурор МахIач Халилов, руччабазул Советалъул председатель ПатIа Айтемирова, *«Россиялъул улбул»* жамгIияб гIуцIиялъул бакIалъулаб отделениялъул председатель Фатима Султанмурадова ва цогидалги жавабиял хIалтIухъаби.



*«Нуж ккола нижер букIинесеб. Нужее талихIаб букIинеселъе нилъер вацал гIахьалъулел руго Украинада тIобитIулеб хасаб рагъулаб операциялъулъ. Нуж ВатIан бокьулеллъун гIеялъе киналго шартIал нижеца гIуцIила. Гьелъие кIудияб кIвар кьола республикаялъул бетIер Сергей Меликовасги. ГIумруялъул щибаб лахIзаталдаса тIагIам босе, аваданго рукIа. Биччанте нужеда тIад кидаго ракълилаб зоб букIине. «Баркула киназдаго байрам»,* - ан абуна лъималаздехун гьабураб жиндирго кIалъаялда ХI.Мусаевас.

Киналниги гьалбазул баркияздаса хадуб, байбихьана кIудияб аваданлъи. ГIисинал гьунарчагIаз кучIдул ахIана, кьурдана. Гьезул бакъназда гъоркь, кигIанго захIмат бугониги, кьурдизе хIаракат бахъулеб букIана гIажизлъаразги. БатIи-батIиял аниматораз ва гьезие нухмалъи гьабулев Рамазан Гъанищевас, гIатIидаб ихтилаталъулаб программа бачуней Мадина Нуцаловалъ лъималазе гьеб къо ракIалдаса унареблъун гьабуна.




ЛъикIаб гьоболлъиялъухъ районалъул администрациялъе нухмалъулез баркала загьир гьабуна *«Аль-Раян»* централъул бетIергьанчи, *«Опора России»* жамгIияб гIуцIиялъул районалда вугев вакил Изамудин Атаевасе.

ГIисинал гьалбазе бикьана мороженое, лъим ва нигIматазул столги хIадурун букIана. Узухъда, гьеб киналъго ракIазе асар гьабичIого, цохIониги чи хутIизе рес букIинчIо.

***Динара Батиева***

Гьаб номералда нужеца цIализе бегьула
гъум. 2 Решения
гъум. 3 Байрамалъул цIаралда
гъум. 4 Спорт

# Состоялась XXV-сессия VII созыва Собрания депутатов района




Под руководством председателя Гирисхана Гирисханова, состоялась XXV-сессия VII созыва депутатов районного Собрания. В работе сессии приняли участие глава района Гаджимурад Мусаев, прокурор Махач Халилов и начальники структурных подразделений администрации МР *«Казбековский район»*. На рассмотрение было внесено 8 вопросов. В ходе заседания сессии, все 8 проектов, внесённые на рассмотрение, были одобрены депутатами.

## *РЕШЕНИЕ*

31 мая 2023 г. № 7/110

с. Дылым

**О внесении изменений в Решение Собрания депутатов «О районном бюджете МР «Казбековский район» на 2023 год и плановый период 2024 и 2025 годов»**

В соответствии с **Бюджетным кодексом РФ от 31.07.1998 N 145-ФЗ, Уставом муниципального района,** Положением о бюджетном процессе и межбюджетных отношениях в МР «Казбековский район», утвержденным решением Собрания депутатов муниципального района **от 29 апреля 2010 г. N4/126,** Собрание депутатов муниципального района

**РЕШИЛО:**

Внести в Решение Собрания депутатов муниципального района *«Казбековский район»* № 7/91 от 22.12.2022г. **«О районном бюджете МР «Казбековский район» на 2023 год и плановый период 2024 и 2025 годов»** следующие изменения:

В пункте 1:

1.1. в подпункте 1 слова **«в сумме 1239832,976 тыс. рублей» заменить словами «в сумме 1245490,897 тыс. рублей» и слова «в сумме 1085164,476 тыс. рублей» заменить словами «в сумме 1085237,097 тыс. рублей»;**

1.2. в подпункте 2 слова **«в сумме 1269325,175 тыс. рублей» заменить словами «в сумме 1274983,095 тыс. рублей**

2. Настоящее Решение вступает в силу со дня его официального опубликования.

***Глава МР «Казбековский район» Г.Г. Мусаев***
***Председатель Собрания депутатов Г.М. Гирисханов***

## *РЕШЕНИЕ*

31 мая 2023 г. № 7/111

с. Дылым

**Отчет председателя КСП о работе контрольно – счетной палаты МР «Казбековский район» за 2022 год**

Заслушав и обсудив отчет Зиявдинова Ш.А. - председателя контрольно – счетной палаты МР *«Казбековский район»*, Собрание депутатов МР *«Казбековский район»*

**Решило:**

1.Считать работу контрольно – счетной палаты МР *«Казбековский район»* за 2022 год **удовлетворительной.**

2.Усилить контроль за:
- исполнением бюджета муниципального образования *«Казбековский район»*.
- соблюдением бюджетного законодательства получателями бюджетных средств.
- получением и целевым расходованием средств дорожного фонда.

3.Опубликовать данное решение в районной газете *«Чапар»* и разместить на официальном сайте администрации МР *«Казбековский район»*.

4.Решение вступает в силу с момента его подписания.

***Председатель Собрания депутатов Г.М. Гирисханов***

## *РЕШЕНИЕ*

31 мая 2023 г. № 7/112

с. Дылым

**О внесении изменений в решение Собрания депутатов МР «Казбековский район» №7/9 от 24 декабря 2020 года**

На основании статьи 7, пункта 1 части 1 и части 2 статьи 9 Закона Республики Дагестан №4 от 12 февраля 2013 года *«О комиссиях по делам несовершеннолетних и защите их прав в Республике Дагестан»*, Закона Республики Дагестан от 24 декабря 2007 года №69 *«О наделении органов местного самоуправления муниципальных районов, городских округов и внутригородских районов Республики Дагестан государственными полномочиями Республики Дагестан по созданию и организации деятельности комиссий по делам несовершеннолетних и защите их прав»*, Собрание депутатов муниципального района

**РЕШИЛО:**

1.Внести в решение Собрания депутатов МР *«Казбековский район»* №7/9 от 24 декабря 2020 года *«О создании комиссии по делам несовершеннолетних и защите их прав при администрации муниципального района «Казбековский район»* следующие изменения:

1.2. Пункт 4 приложения №1 изложить в следующей редакции:

*«4. Зубайриев Гусейн Асирулаевич, заместитель начальника МКУ «Управление образования в МР «Казбековский район», член комиссии».*

1.2. Пункт 10 приложения №1 изложить в следующей редакции:

*«10. Узайриев Мурад Ибрагимович, инспектор подразделения по делам несовершеннолетних ОУУП и ПДН отдела МВД России по Казбековскому району, член комиссии».*

1.3. Пункт 15 приложения №1 исключить.

2. Опубликовать настоящее решение в районной газете *«Чапар»* и разместить на сайте администрации МР *«Казбековский район»*.

3. Настоящее решение вступает в силу со дня его подписания.

***Глава МР «Казбековский район» Г.Г.Мусаев***
***Председатель Собрания депутатов Г.М.Гирисханов***

## *РЕШЕНИЕ*

31 мая 2023 г. № 7/113

с. Дылым

**О муниципальных наградах муниципального района «Казбековский район»**

В целях совершенствования наградной системы муниципального района, общественного признания особых заслуг и достижений в различных областях деятельности, направленной на социально-экономическое развитие муниципального района, обеспечение благополучия его жителей и иные заслуги перед муниципальным районом, руководствуясь Федеральным законом от 06 октября 2003 года № 131-ФЗ *«Об общих принципах организации местного самоуправления в Российской Федерации»*, Уставом муниципального района *«Казбековский район»*, собрание депутатов муниципального района *«Казбековский район»*

**РЕШИЛО:**

1. Учредить следующие награды муниципального района:
- Орден *«За особые заслуги»;*
- Медаль *«За вклад в социально-экономическое развитие Казбековского района».*
- Почетное звание *«Почетный гражданин муниципального района «Казбековский район»;*
- Почетная грамота муниципального района *«Казбековский район»;*
- Благодарственное письмо муниципального района *«Казбековский район»*

2. Утвердить прилагаемое Положение о муниципальных наградах муниципального района *«Казбековский район»*.

3. Признать утратившим силу решение Собрания депутатов МР *«Казбековский район»* № 7/94 от 22.12.2022 года.

4. Опубликовать настоящее решение в районной газете *«Чапар»* и разместить на официальном сайте администрации МР *«Казбековский район»* в информационно-телекоммуникационной сети *«Интернет»*.

5. Настоящее решение вступает в силу с момента его подписания.

***Глава МР «Казбековский район» Г.Г.Мусаев***
***Председатель Собрания депутатов Г.М.Гирисханов***

## *РЕШЕНИЕ*

31 мая 2023 г. № 7/114

с. Дылым

**Об утверждении генерального плана сельского поселения «сельсовет Зубутлинский» Казбековского района**

В соответствии с пунктом 20 части 1, части 4 статьи 14 Федерального закона №131-ФЗ «Об общих принципах организации местного самоуправления в Российской Федерации и статьями 9, 24 и 25 Градостроительного кодекса РФ, в целях реализации полномочий органов местного самоуправления установленных Градостроительным кодексом Российской Федерации, обеспечения устойчивого развития территории, развития инженерной, транспортной и социальной инфраструктуры, обеспечения учета интересов граждан и их объединений на территории сельского поселения *«сельсовет Зубутлинский»* Казбековского района Республики Дагестан, Собрание депутатов муниципального района *«Казбековский район»*

**РЕШИЛО:**

1.Утвердить Генеральный план сельского поселения *«сельсовет Зубутлинский»* Казбековского района (прилагается).

2.Опубликовать настоящее решение в районной газете *«Чапар»* и разместить на официальном сайте администрации муниципального района.

3.Настоящее решение вступает в силу со дня его официального опубликования

***Глава МР «Казбековский район» Г.Г.Мусаев***
***Председатель Собрания депутатов Г.М.Гирисханов***

**С полными текстами решений № 7/110 «О внесении изменений в Решение Собрания депутатов», «О районном бюджете МР «Казбековский район» на 2023 год и плановый период 2024 и 2025 годов» и № 7/113 «О муниципальных наградах МР «Казбековский район» можно ознакомиться на сайтах МР «Казбековский район» (kazbekovskiy.ru) и сетевого издания «Салатавия» ( salataviya.ru)**

# Семинар тIобитIана

Дагьал церегIан къояз районалъул администрациялда тIобитIана *«Цогояб Россия»* партиялъул нилъер районалда бугеб отделениялъул байбихьул гIуцIабазул секретарьзаби сеталъул цогояб стандарталда хIалтIизе ругьун гьариялъул семинар.



Данделъиялда нилъер районалъул бетIер, бакIалда бугеб *«Цогояб Россия»* партиялъул политсоветалъул секретарь ХIажимурад Мусаевас бицана гьелъул районалъул гIумруялъулъ бугеб кIвараль, гьабураб хIалтIухъ баркала загьир гьабуна партиялъул байбихьул гIуцIабазул секретарьзабазе ва Баркалаялъул кагъталдалъун кIодо гьаруна жигараб хIалтIи гьабурал гьезул цо-цоял.

***Мурад Ибрагьимов,«Цогояб Россия» партиялъул бакIалда бугеб отделениялъул ишал тIуралев секретар*ь**

---

*8 июнь – социалияв хIалтIухъанасул Къо!*

# ГIадамазе хIажатаб хъулухъалъулал

1995 соналдаса нилъер районалда хIалтIулеб буго жидеего хъулухъ гьабизе бажаруларел, цогидазул кумекалде ккарал гIадамазе социалияб хъулухъ гьабиялъул центр. Жидехъе раккизе рачIунел чагIи гьечIел, янгъизго хутIаразе, сакъатазе, ригь арал гIадамазе, ресукъазе гурхIел – рахIмуялъул бербалагьи гьаби ккола гьеб гIуцIиялда цебе чIараб масъалаби.

8 июналда нилъеца кIодо гьабуна гьел хIалимал, жигарал, рахIмуял социалияб хъулухъалъул хIалтIухъабазул Къо. Гьелда хурхун, дица гара-чIвари гьабуна нилъер районалда бугеб КЦСОНалъул отделалъул директорасул ишал тIуралей Мадина Дерметхановагун.

*- Нилъер районалда чияр тIалабалде ккаразул сияхIалда 910 чи ва гьезие хъулухъ гьабулев 100 социалияв хIалтIухъан вуго. Дунго гьаний хIалтIулей йигелдаса 27 сон буго. Дица гьаниб тIубачIеб хъулухъги течIо. Гьединлъидал дида гьаниб жив-жив хIалтIухъанасул иш, гьезул тIалабалда ругел лъала. РакIчIун абизе кIола щивав хIалтIухъанас ракIбацIцIадго тIубалин тIадкъараб иш. Гьездаса разилъиялъул рисалаталги рачIуна нижехъе,*- ян бицана М. Дерметхановалъ.

Узухъда, жинда божун чIарал къайимлъиялде ккарал гIадамазе рекIкI гьабизе бегьуларо. Кумек хIажат гьечIониги, гIемерисел гьел рукIуна берцинаб балагьи, хIеренаб мацI къваригIарал чагIи. Социалияв хIалтIухъан гьезие вукIуна гIагарав, гьудул, психолог, кумекчи, жиндие ракI рагьулев чилъун.

Гьединаздаса ккола Дилималдаса Муъминат Мухудиноваги Калининаулалдаса Раиса Билаловаги.



Муъминатица гьеб хIалтIи гьабулеб буго 2004 соналдаса нахъе. Гьелъул тIалабалда вуго 9 чи.

*- Дие дирго хIалтIи цIакъ бокьула. Дир тIабалда ригь арал гIадамал руго. Дие гьел цIакъ рокьула. Гьездаса дица гIемерал дарсалги росула. Жив-живасул жиндирго гIамалги. ЗахIмалъаби данд-чIвачIогоги руклунаро, гьел къезаризе хIалбихьиги дие гьездаса щола,* - ян ра-зи-ракиго бицана гьелъ.

Муминатица жинда божаразул ишал тIурала сордо-къоялъухъ балагьичIого. ГIицIго гара-чIваризе гьей ахIаралги хIужаби рукIуна. Дагьай цеегIан жиндир тIалабалда йигей гIаданалъул суалгун гьей районалъул бетIерасухъецин ун йикIана. Щивасул рокъоб камураб чIезабизеги, гьезул хъизамалъулаб гьоркьоблъи тIубазабизеги – жиндир иш гурилан гьелъ щибго толаро. Бокьараб заманалда жинде ахIи байдал, хIажаталъуй ятизе Муъминат хIадур йикIуна.



Узухъда, гьединал хIалтIухъаби жиб-жиб росулъ руго. Калининаулалдаса Зарема Арсанбиевалъ нижехъе гьадин бачIана:

*- Лъабго соналдасаги цIикIкIараб заман буго Раисаца дие хъулухъ гьабулеб бугелдаса. Гьелда лъала дир рокъоб гIолеб, гIолареб. Къаси, къад, батIалъи гьечIого, гьей диде яккизе ячIуна. Гьаниб гьабизе батараб гьабула, къватIисел дир хъулухъал тIурала. Коммуналиял хъулухъазухъ дир гIарац босун унейги, тукадаса хIажатаб къайи бачIунейги, аптекалде унейги дир Раиса йиго. ХIатта, жинцаго гьабураб кванил бутIагицин бачIуна гьелъ дие. Дун цIакъ рази йиго гьелдаса. ДунгIан Аллагьги разилъаги гьелда,* - ян.

Гьединаб бербалагьи буго Раисал жиндир тIалабалда вугев ичIавго чиясдеги. ГIадатиял гIадамаз кьолеб къиматалдаса тIокIабги щиб букIинеб социалияв хIалтIухъанасе?

Баркула тIолалго социалиял хIалтIухъабазда жидер махщелчилъиялъул байрам..

***Динара Батиева***

# НухарегIиялъул тадбиралда...

Нилъеда лъала гьал къояз гIолилал рагъулаб хъулухъалде ахIиялъул ихдалилаб кампания тIобитIулеб букIин.Дагьал церегIан къояз нилъергун Гумбет районазул гIолохъабазул ирградулаб къокъа гьеб хъулухъалде битIиялъул тадбиралда гIахьаллъана гIолохъабазул умумул, гIага-божарал ва гьудул-гьалмагъзаби.

Армиялде ахIаразде гьабураб кIалъаялда рагъулав комиссар Арсен МухIамадовас абуна: *«Гьале, нужеде тIадеги щвана ВатIаналъе тIадаб нальи кьеялъул заман. Нужее нух битIаги ва, ракIбацIцIадго рагъулаб хъулухъги тIубазабун, нуж тIадги*



*руссаги. Россиялъул армиялда гIезегIан хиса-басиял гьарулел руго.Гьезул цоябльун ккола, къотIи-къайги гьабун, армия гьединаздалъун гIуцIулеб букIин. Цоги, армиялъул мухъилъе ахIарал Украиналда тIобитIулеб хасаб рагъулаб операциялъулъ гIахьаллъизе ритIизе гьечIо»,*-ян.

***Ибрагьим Идрисов***

---

*1июнь- лъимал цIуниялъул Халкъалдагьоркьосеб къо!*

# Байрамалъул цIаралда...

ГIадатлъун лъугьун буго кинаб букIаниги байрам тIобитIилалде гьелда цере батIи-батIиял тадбирал тIоритIи. Гьеб рахьалъ хасаб бакI ккола культураялъулгун лъайкьеялъул гIуцIабазул хIалтIухъабаз.




Масала: лъайкьеялъул управлениялъ цIалдохъабазда гьоркьор тIоритIана кучIдул ахIиялъулгун къадалда ралел газетазул конкурсал.

Районалъул школазул 1- 4 классазда гьоркьоб, «Пагьмуялъул нуралъул кIамури» цIаралда гъоркь, тIобитIараб кучIдул ахIиялъул конкурсалда гIахьаллъана росабазул 9 школалдаса цIалдохъаби.

ХIасилал гьарун хадуб, баянлъана тIоцебесеб бакIалде Пари СайгидбатIалова ячIараблъи (гимназия, Дилим), кIиабилеб бакI Хадижат Арслангерееваль босараблъи (№2 школа, Ленинаул) ва лъабабилеб бакIалъе Капият Гъанищева мустахIикълъараблъи (лицей).

*«ТалихIаб лъимерлъи»* къадал газетазул конкурсалдаги 9 школалдаса 1- 4 классазул цIалдохъаби гIахьаллъана. Гьеб конкурсалда лъималаз цадахъаб газета гьабуна. Гьениб тIоцебесеб бакIалде Алмахъ росдал 3 классалъул цIалдохъаби рачIана, кIиабилеб бакI Гертмаялдаса 2 классалъул командаялъ босана ва 3 бакIалъе ИчкIаялдаса 3 классалъул цIалдохъаби мустахIикълъана.

Гьел конкурсазда призалъулал бакIал росарал лъималгун командаби лъайкьеялъул управлениялъул грамотабаздалъун кIодо гьаруна.

---

# ДандчIвай тIобитIана

Дагьал церегIан къояз ТIолгороссиялъул умумузул миллияб ассоциациялъул Дагъистаналда бугеб отделениялъул вакилзаби дандчIвана нилъер районалъул умумузул жамгIияталъул вакилзабигун.




*«Бесдалал гьечIеб Дагъистан»* жамгIияб багъа-бачариялъе нухмалъулей Раисат ГIусмановалъ гьениб бицана гьеб дандчIвай тIобитIиялъе квербакъаравлъун рехсараб багъа-бачариялъул хIаракатчи Раджаб ЛатIипов кколевлъи, жидер гIуцIи хъизаналъул, лъималазул, социалиял рахъалгун л ихтиярал цIуниялда тIад хIалтIулеб букIиналъул. КIалъазе рахъарал Галимат Сурхаевалъ (рехсараб отделениялъе нухмалъулей), Зумруд ХIажиевалъ (гьебго отделениялъул член) гьениб бицана жидеца гьабулеб хIалтIул.

Данделъиялъул ахиралда Р. ГIусмановалъ, жинца нухмалъи гьабулеб гIуцIиялъул рахъалдасан,нилъер районалъул къайимлъиялъулгун тIалаб-агъаз гьабиялъул отделалъул бетIерай специалист Загьраханум Батиева дипломалдалъун кIодо гьаюна.

***«Салатавия» сетевияб издание***

# ОМВД информирует...

## Вниманию работодателей и иностранных граждан

За 2023 год территориальным подразделением в Казбековском районе ,в связи с обращением, документировано патентами для осуществления трудовой деятельности более 70 иностранных граждан. Вместе с тем, наряду с законопослушными гражданами, которые своевременно оформляют документы по привлечению иностранцев в качестве наемных работников, имеют место быть многочисленные нарушения в сфере привлечения и использования иностранной рабочей силы. Иногда это происходит по незнанию, но чаще всего наши граждане нарушают правила миграционного законодательства сознательно, пытаясь тем самым скрыть доходы либо за несравненно низкую цену получить желаемый результат. Граждане РФ имеют право нанимать иностранных граждан по трудовому договору или гражданско-правовому договору на выполнение работ, **не связанных с осуществлением предпринимательской деятельности.** **Иностранный гражданин при этом обязан иметь ПАТЕНТ.** Для получения патента законно находящийся на территории РФ иностранный гражданин, прибывший в РФ в порядке, не требующем получения визы, (т.е. страны СНГ, но не Грузия, Армения, Латвия, Турция, Иран, Кувейт, Саудовская Аравия и др., в том числе Китай и Вьетнам) предоставляет непосредственно в УВМ МВД по Республике Дагестан:

1. Заявление о выдаче патента.
2. Документ, удостоверяющий личность данного иностранного гражданина и признаваемый в РФ в этом качестве.
3. Миграционную карту с отметкой органа пограничного контроля о въезде иностранного гражданина в РФ или с отметкой территориального органа ПВМ о выдаче данному иностранному гражданину указанному миграционной карты **(после пересечении границы иностранный гражданин обязан в течение 7 рабочих дней встать на учёт по месту пребывания).**
4. Документы, подтверждающие уплату налога на доходы физических лиц, в виде фиксированного авансового платежа в порядке, установленном законодательством РФ о налогах и сборах, за предыдущий период осуществления трудовой деятельности у физических лиц на основании патента.
5. Фотографии 4 шт., 3,5*4,5 (как для паспорта).

Наличие патента и квитанции об уплате налога подтверждают право на работу у физического лица и законное нахождение иностранного гражданина в РФ.

Согласно положения пункта 42 постановления Правительства РФ от 15.01.2007 года № 9 «О порядке осуществления продления миграционного учета иностранным гражданам и лицам без гражданства в РФ» при осуществлении продления срока пребывания иностранным гражданам, осуществляющим трудовую деятельность по патентам срок пребывания иностранного гражданина, определяется сроком действия патента. Патент выдается на срок от одного до трех месяцев. Срок действия патента может неоднократно продлеваться, но не более чем на период не более трех месяцев. При этом общий срок действия патента с учетом продлений не может составлять более двенадцати месяцев со дня выдачи патента. Срок действия патента считается продленным на период, за который уплачен налог на доходы физических лиц в виде фиксированного авансового платежа.

Пунктом 42 вышеуказанного постановления Правительства РФ предусмотрено, что при изменении заявленных сроков пребывания в Российской Федерации принимающая сторона обязана в течении 3-х рабочих дней сообщить об этом непосредственно в территориальный орган Федеральной миграционной службы, представив письменное заявление произвольной формы с приложением копий необходимых документов и заполненного бланка уведомления о прибытии с указанием нового срока пребывания.

Если срок действия патента истёк или не был оплачен за следующий месяц, то иностранный гражданин обязан выехать из РФ в течение 15 дней. Эти 15 дней он находится на территории РФ на законных основаниях.

**Административная ответственность за работу без патента.**

Если иностранный гражданин работает у физического лица без патента, то это влечёт наложение **административного штрафа в размере от 2000 до 5000 рублей с административным выдворением за пределы РФ или без такового (ст. 18.10 КоАПРФ).**

Если физическое лицо нанимает на работу иностранного гражданина без патента, то это влечёт наложение **административного штрафа в размере от 2000 до 5000 рублей (ч. 1. ст. 18.15 КоАПРФ)**

**Если административное правонарушение совершено повторно, то это влечёт наложение административного штрафа в размере от 5000 до 7000 рублей.**

**Совершение иностранным гражданином двух и более административных правонарушений является основанием для его административного выдворения за пределы РФ и закрытия въезда на срок до трех лет включительно.**

Дополнительную информацию по настоящему вопросу можно получить лично либо, позвонив по телефонам МП ОМВД России по Казбековскому району: 55-32-35, либо обратившись отдел трудовой миграции Управления внутренней миграции МВД по РД в гор. Махачкала, ул. Абубакарова 115 «А».

***Ю.Ю Хайрулаев, начальник ОМВД России по Казбековскому району***

*Спорт-инсанасул сахлъи*

# Б О К С

Нилъер районалда бокс спорталъул *«гІолохъанаб»* тайпалъун кколеб букІиналде балагьичІого, Мусашайих ПІазаевасул спортшколалда куцалел гІолохъабаз гьелъулъ гІезегІан лъикІал хІасилал рихьизарулел руго.



Дагьал церегІан къояз Хъумторхъала районалъул Алмало росулъ тІобитІараб Республикаялъул боксалъул рагьараб турниралда гІахьаллъана нилъер районалдаса гІолилалги.

Дагъистаналъул шагьараздасагун районаздаса 170-ялдасаги жидер къадар цІикІкІарал, 2011-2012 ва 2013-2014 соназ гьарурал спортсменазда гьоркьор, жиде-жидер цІайиязда, чемпионаллъун Муса ПІусмановги ЯхІя ПІабасовги рахъана.

КІиабилеб бакІалде Нурислам НуцІалхановги Магьди Султанбековги раччана, лъабабилеб бакІалъе Мавлидин Мусаевги, Рамазан МухІамадаминовги ва Муса МухІамадхІабибовги мустахІикълъана.

Призалъулал бакІал росарал гьенир кІодо гьаруна кубоказдалъун, медаламдалъун ва грамотабаздалъун.

# Эркенаб гугари



Дагьал церегІан къояз Мусашайих ПІазаевасул спортшколалда тІобитІана, эркенаб гугариялъул рахъалъ, республикаялъулаб турнир. Лъимал цІуниялъул къоялда хурхинабураб гьеб тадбиралда гІахьаллъана республикаялъул шагьараздасагун районаздаса 135 гугарухъан.

Жиде-жидер цІайиязда, гьенир чемпионаллъун рахъана нилъер Шамиль МухІамадов, МухІамадрасул КъурахІмаев, Ибрагьим Мирзабеков ва СагІид КъурахІмаев.

КІиабилел бакІазде рачІана-АхІмад Абусинов, Даниял Эсентаев, Ибрагьим Салибиев, Рамазан Гъойтемиров, МухІарам ПІалижанов, МухІамад МухІамадгъазиев, Халид Бибасханов, АхІмад ДавудхІажиев ва ХІасан ХІажимухІамадов.

Лъабибилел бакІазе мустахІикълъана МухІамад Айтемиров, ПІабдула ПІалиев, МухІамад Сайпудинов, Гъазали ПІалижанов, МухІамад МухІамадханов, Асланукъа Асланукъаев, СагІад Къебедов, АхІмад Идрисов, МухІамад Висалгереев, Расул ПІалисултанов, МухІамад Бисултанов, Сулайман ХІажиев, Валид Атаев ва ПІабдурахІман Атлуев.

Призалъулал бакІал росарал гьенир кІодо гьаруна кубоказдалъун, медаламдалъун, грамотабаздалъун ва гІарцулал шапакъатаздалъун.

Гьединго, грамотабаздалъунги гІарцулал шапакъатаздалъунги гьенир чемпионаллъун рахъаразул тренералги кІодо гьаруна.

***Насрула Алиукъаев***

# Уважаемые жители района!

**Поставщик газа на территории Республики Дагестан – «Газпром межрегионгаз Махачкала» напоминает, что оплату за потребленный газ необходимо производить до 10 числа каждого месяца.**

Потребителям, имеющим задолженность за потреблённый газ, необходимо срочно погасить её!

Заплатить за газ без комиссии и очередей, можно дистанционно, используя онлайн сервисы в *«Личном кабинете абонента»* на сайте **www.mkala-mrg.ru** или скачав мобильное приложение **«Газ ОНЛАЙН»** или **«Мой ГАЗ»** на смартфон.

В *«Личном кабинете абонента»* содержится информация о предыдущих платежах абонента, а также указана сумма задолженности за газ.

Уважаемые абоненты! Не копите долги и совершайте все расчёты вовремя!

По вопросам расчётов за газ звонить в рабочее время в *«Контакт-центр»* ООО *«Газпром межрегионгаз Махачкала»* - 8 800 200 98 04.

**БетІерав редактор:** И.Б.Салимханов 55-48-94
**Жавабияв секретарь:** М.-Ш.Э. ГІабдулашимов

**Мухбирзаби:** И.Р. Идрисов, Д.К. Батиева, М.З. ДавудхІажиев
**Набор:** М.М. ХІайбаева
**Верстка:** М.А.АтавхІажиева ва З.ХІ ХІасанова
**Фотокорреспондент:** М.-гІ.ХІ.ХІамидов

**Газета бахъизе байбихьана 1933 соналъул 15 апрелалда**
Типографиялъул адрес: 367032, РД, МахІачхъала шагьар, Насрутдиновасул проспект,1А

**Газета хІадур гьабуна редакциялъул компьютералъул цехалда.**
Графикалда рекъон, печаталде кьураб заман 16.00
ХІакъикъаталда печаталде кьураб заман 16.00

**Учредитель:** администрация МР "Казбековский район"
Редакциялъул (издательствоялъул) адрес: РД, Казбек район, Дилим росу, 368140,
**Индекс:** 51354 Тираж-1523, багьа-эркенаб

**Газета зарегистрирована в Управлении Роскомнадзора по РД 19.05.2014 г. серия ПИ № ТУ 0500290**

**МакъалабаздА рехсарал хІужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола**